

,

## Avi pou Randevou pou Sipò Timoun

Evite fè yo Redui nan Avantaj ou yo pandan w ap fè efò pou w vini  
**(Haitian Creole)**

Nou pa ka tann pou nou pale avèk ou pandan randevou obligatwa pou sipò timoun ou an.

Entèvyou a pral fèt:

- Nan telefòn nan (DAT) \_\_\_\_\_ ant 9è nan maten jiska 5è nan apre midi.  
Yon manm pèsonèl sipò timoun ap rele w nan \_\_\_\_\_ pou entèvyou obligatwa ou a.  
Si nimewo telefòn ou a pa nan dosye Ajans lan oswa si li chanje, tanpri kontakte nou nan \_\_\_\_\_ ou dwe fè nou konn sa nan omwen 24è alavans.
- An pèsòn nan (DAT) \_\_\_\_\_ nan (LÈ) \_\_\_\_\_. Tanpri vini nan adrès sa a pou randevou obligatwa a:

Non Lokal la:

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Anvan randevou a, tanpri ranpli epi soumèt Fòmilè Enskripsyón Sipò pou Timoun nan epi soumèt dokiman prèv yo. W ap jwenn enfòmasyon sou ki dokiman pou w soumèt ak fason pou w soumèt yo nan dosye sa a.



Anvan ou ale nan randevou w la, tanpri fè lekti ni “**LDSS-4279 Avi sou Responsablite ak Dwa pou Sipò**” a, ni “**W-280a Enfòmasyon pou tout moun ki ka aplike pou sipò timoun konsènan fason pou yo jwenn sipò pou timoun san danje**”. Si ou gen nenpòt enkyetid sou sekirite aprè ou fin li dokiman sa yo, tanpri kontakte travayè Administrasyon Fanmi Endependan (Family Independence Administration,FIA) ou an, ki pral refere ou bay yon Lyezon Vyolans nan Kay nan Administrasyon Resouszimèn (Human Resources Administration,HRA) nan. Ansanm ou kapab deside si sipò pou timoun nan san danje pou ou ak fanmi ou.

Kopi ak tradiksyon sa a ak tout dokiman yo fè referans ak yo ladann disponib sou <https://on.nyc.gov/custodialparent> oswa itilize kòd QR ki sou bò dwat la.



### Ou bezwen chanje randevou w la?

Pa egzanp, ou gen yon randevou an pèsòn men ou vle yon randevou pa telefòn. Tanpri rele nou pou w mande yon chanjman. Li enpòtan pou w rele nou nan \_\_\_\_\_ omwen 24 èdtan alavans pou w fè nou konnen.

### Kisa k ap rive si mwen pa konfòme m ak sipò pou timoun nan?

Si ou pa konfòme w, yo ka diminye avantaj ou yo jan sa parèt annapre a:

- Avantaj Asistans Lajan Kach ou ka diminye pou 25% pou pi piti;
- Ou kapab pèdi Medicaid ou an;
- Ou kapab vin pa kalifye pou kèk pwogram asistans pou lwaye oswa yo ka diminye sipleman lwaye w la;
- Ou p ap resevwa jiska 200 dola chak mwa nan peman sipò pou timoun nan mete sou avantaj Asistans Lajan Kach ou a – epi anplis, depi w vin pa bezwen Asistans Lajan Kach la ankò.



**Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa pwoblèm sante mantal oswa yon andikap?** Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou w konprann avi sa a oswa pou w fè sa avi sa a mande w fè yo? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou w pou jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou kapab ede w.** Rele nou nan **718-557-1399**. Ou kapab mande èd tou lè ou ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a dapre lalwa.